# ХОЖА АХМЕТ ЯССАЎИЙДИҢ «ДИЙЎАНЫЙ ҲИКМЕТ» ШЫҒАРМАСЫ ҲӘМ ТӘСАЎЎИП ТАЛИЙМАТЫ

**Ә.Ҳәмзеев** – *еркин излениўши*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

# РАБОТА ХОДЖИ АХМЕДА ЯССАВИ «ДИВАНИ ХИКМЕТ» И ДОКТРИНА ТАСВИФА

**А.Хамзеев** – *самостоятельный соискатель*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# KHOJA AHMED YASSAWI'S WORK "DIVANI HIKMET" AND THE DOCTRINE OF TASWIF

**A.Hamzeev** – *independent researcher*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Таянч сўзлар:** Хожа Аҳмад Яссавий, Девоний ҳикмат, тасаввуф, комил инсон, нафс тарбияси, турк адабиёти, ҳикмат.

**Резюме.** Мақолада Хожа Аҳмад Яссавийнинг "Девони ҳикмат" асарининг туркий халқлар маънавий тарихидаги ўрни ва тасаввуф таълимотининг асосий босқичлари (шариат, тариқат, маърифат, ҳақиқат) тадқиқ этилган. Нафс тарбияси, комил инсон концепцияси ва ишқ фалсафаси илмий таҳлил қилинган. Асар тил ва поэтик хусусиятларининг кейинги давр туркий адабиётига таъсири очиб берилган.

**Ключевые слова:** Ходжа Ахмет Яссави, Дивани Хикмет, суффизм, совершенный человек, воспитание нафса, тюркская литература, хикмет.

**Резюме.** В статье исследуется роль произведения Ходжи Ахмета Яссави «Дивани Хикмет» в духовной истории тюркских народов и основные этапы учения суффизма (шариат, тарикат, марифат, хакикат). Научно проанализированы воспитание нафса, концепция совершенного человека и философия любви. Раскрыто влияние языковых и поэтических особенностей произведения на последующую тюркскую литературу.

**Key words:** Khoja Ahmed Yasawi, Diwani Hikmet, Sufism, Perfect Man, education of nafs, Turkic literature, hikmet.

**Summary.** The article examines the role of Khoja Ahmed Yasawi's "Diwani Hikmet" in the spiritual history of Turkic peoples and the core stages of Sufi teaching (shariat, tariqat, ma’rifat, haqiqat). It provides a scientific analysis of the education of the nafs, the concept of the Perfect Man, and the philosophy of love. The influence of the work's linguistic and poetic features on subsequent Turkic literature is also revealed.

**Кирисиў.** Орта Азияның руўҳый-мәдений тарийхын изертлеўде Хожа Ахмет Яссаўий шығармашылығы айрықша орын ийелейди. XII әсирде өмир сүрген уллы суўпы шайыр түркий халықлардың Ислам динин қабыл етиў дәўиринде шешиўши роль атқарған тарийхый айрықша қубылыс болып табылады. Яссаўий тәлийматы арқалы Ислам қағыйдалары түркий халықларға өз ана тилинде, миллий дүньятанымға бейимлескен усылда тарқатылды.

Яссаўий өмир сүрген дәўир Орта Азияда сиясий-жәмийетлик турғыдан турақсызлықлар заманы еди. Қарақытай басқыншылығы, селжуқ мәмлекетиниң ҳәлсиреўи, жәмийеттеги руўҳый дағдарыс – Яссаўий шығармаларының мазмунына да өз тәсирин тийгизди. Мине усы тарийхый жағдайда Яссаўий суўпылық тәлийматы жәмийеттиң руўҳый ҳәлсиреўинде күш-қуўат ҳәм дәлде болған жүйели мектеп сыпатында қәлиплести.

**Әдебиятлар шолыўы.** Татар илимпазы Абдирахман Садий Яссаўийдиң түркий әдебияттағы орнын жоқары баҳалап, оны халықшыл суўпылық поэзияның көрнекли ўәкили деп көрсетеди. Илимпаз Яссаўий шығармаларындағы қарапайым тили, әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық тазалық шайырды түркий шайырлар арасында айрықша тулғаға айналдырғанын атап өтеди [1]. Бул пикир Яссаўий поэзиясының жәмийетлик ҳәм руўҳый жағдайын айқын дәлеллейди.

Илимпаз Нодирхан Ҳасан өз изертлеўинде «Дийўаный ҳикмет»ти Яссаўийлик тәлийматының ең маңызлы жазба дерегиниң бири деп көрсетип, шығарманың мазмунлық ҳәм идеялық тутаслығына айрықша тоқталады [2]. Илипаздың пикиринше, хикметлерде баянланған руўхый принциплери Яссаўий дәўириндеги суўпылық ойдың жүйели үлгисин көрсетеди. Соның менен бирге «Дийўаный ҳикмет» тек теориялық тәсаўўип дөретпе емес, бәлким әмелий руўҳый тәрбия жыйнағы болып табылады. Онда инсанның күнделикли өмиринде орынлай алатуғын әдеп-икрамлылық талаплары, сабыр, шүкир, тақўалық сыяқлы инсаныйлық қәдирияттар кең түрде жырланады.

Ф.Көпрүлү «түркий суўпылық әдебияттың дәслепки үлгилери дәл Яссаўий шығармаларынан басланады» деп атап өтеди ҳәм «Дийўаный

ҳикмет»ти түркий әдебияттағы суўпылық поэзияның негизги қайнар көзи сыпатында баҳалайды [3]. Бул пикир Яссаўий поэтикасының тарийхый ҳәм эстетикалық маңызын дәлиллейди. Шығарманың жанрлық бағыты – насиятлық суўпылық хикметлер. Бул жанр арқалы шайыр баҳалы философиялық ойларды қарапайым, халыққа түсиникли усылда баянлай алды. Соның арқасында «Дийўаный ҳикмет» әсирлер даўамында түркий халықлардың руўҳый тәрбиясында өз мәнмағанасын жоймаған классикалық ескерткишке айналды.

**Нәтийжелер ҳәм додалаў.** Хожа Ахмет Яссаўий тек диний ғайраткер ғана емес, соның менен бирге терең философиялық ой ийеси болды. Ол өз дәўириниң руўҳый ҳәм әдеп-икрамлылық машқалаларын дәл тусинип, ҳикметлери арқалы халықты сабырлылыққа, тақўалыққа ҳәм руўҳый тазалыққа тәрбиялады. Бул пазыйлетлер Яссаўийди Орта Азия руўҳый тарийхындағы жетекши тулғалардың бирине айландырды.

Хожа Ахмет Яссаўийдиң ең маңызлы руўҳый мийрасы – «Дийўаный ҳикмет» шығармасы. Бул китап суўпылық мазмунда жазылған хикметлерден ибарат болып, түрки тәсаўўип әдебиятының дәслепки классикалық үлгиси есапланады. Шығарманың толық қолжазба нусқасы сақланбағаны менен, XVI–XVII әсирлерге тән нусқалар хикметлер мазмунының XII әсир руўҳый муҳитының айнасы екенин көрсетеди. «Дийўаный ҳикмет» қунлы дерек сыпатында, ең алды менен, онда Ислам дининиң негизги қағыйдалары ҳәм суўпылық категориялар халыққа түсиникли тилде берилгенинде көринеди. Қуран аятлары ҳәм ҳадислер мазмуны шайыр поэзиясында еркин интерпретацияланып, түрки дүнья таныўға ылайық усылда берилген. Бул тәсил Ислам динин халық арасында терең тамыр жаяўына үлкен үлес қосты.

«Даналық китабы» ҳикметлер жыйнағы оғызқыпшақ элементлери араласқан ерте түрки тилде жазылған. Шығарма тилинде қарапайым түрки лексика басым болып, араб ҳәм парсы сөзлери шеклеўли мөлшерде ғана қолланылады. Бул турки тили сол дәўирлерде хикметлердиң халық арасында тез таралыўына ҳәм аңсат қабыл етилиўине жағдай жасады. Поэтикалық жақтан хикметлер, тийкарынан, он еки буўынлы өлшемде жазылып, жыраўлық-поэтикалық дәстүрге жақын усылда берилген. Нәсиятлық ҳәм тәлим-тәрбиялық мазмуны шығарманың тийкарғы стилистикалық белгиси болып табылады. Бул усыл кейинги қарақалпақ, қазақ, башқурт ҳәм ноғай жыраўлығына елеўли тәсир көрсетти.

Хожа Ахмет Яссаўий суўпылық тәлийматы классикалық төрт басқышлы улгиге тийкарланады: шариат, тәрийқат, мағрийпет ҳәм ҳақыйқат. Бул басқыш инсанның руўҳый жетилиў жолын избе-из түсиндирип, кәмилликке жетиўдиң теориялық ҳәм әмелий механизмин көрсетеди. Шариат басқышы Ислам дининиң сыртқы әмеллерин қамтыйды. Яссаўий түсинигинде шариат – руўҳый жолдың дәслепки басқышы болып, инсанды тәртипке, әдепке, ҳалал-ҳарамды айыра билиўге үйретеди. Намаз, ораза, әдеп-икрамлылық, ар-намыс сияқлы қәдириятлар шариат басқышының негизги элементлери сыпатында қарастырылады. Тәрийқат басқышы руўҳый тәрбияның тийкарғы өзеги болып табылады. Бул басқышта инсан устазға бойсынып, зикир ҳәм риязат арқалы нәпсини тәрбиялаўға талпынады. Яссаўий хикметлеринде тәрийқат жолы аўыр, машақатлы, бирақ нәтийжели руўҳый процесс сыпатында суўретленеди. Бул ойды шайыр төмендеги хикмет қатарларында поэтикалық формада баянлайды:

Шариятты, тарийқатты билгиң келсе,
Тарийқаттан ҳақыйқатқа өткиң келсе,
Бул дуньядан дуру гәўҳар алғың келсе,
Жаннан кешкен шын ашықлар жетер екен [4:167].

Мағрийпет – инсанның руўҳый көкирек көзи ашылып, Хақты таныў дәрежеси. Бул басқышта билим ақыл арқалы емес, жүрек сезими арқалы ийеленеди. Яссаўий мағрийпетти руўҳый танымның жоқарғы дәрежеси деп билип, оны тек пәк жүрекке ғана несип болатуғын ҳал деп түсиндиреди. Ҳақыйқат басқышы – руўҳый жетилиўдиң ең соңғы, ең жоқарғы дәрежеси. Бул дәрежеде инсан фәна ҳалына жетип, Алла разылығы жолында толық кәмелликке ериседи. Яссаўий түсинигинде ҳақыйқат – өзликтиң жойылыўы емес, бәлки инсанның руўҳый жоқары дәрежеге жетиўи.

Яссаўий тәсаўўип тәлийматының тийкарғы философиялық өзегинде мухаббет (ышқ) концепциясы турады. Мухаббет – суўпылық жолдың ҳәрекетке келтириўши күши, инсанды Аллаға жақынластырыўшы руўҳый энергия. Яссаўий мухаббетти ойсыз сезим емес, бәлки инсан тәрбиясының ең жоқарғы формасы деп түсиндиреди. Шайыр мухаббет арқалы инсанның руўҳый жаңғырыўын, жүрек тазалығын ҳәм Аллаға болған шын ықласын поэзиялық суўретлеўлер арқалы көрсетеди:

Мухаббеттиң пырағын минип жүрген,
Сондай ашық тарийқатта жәўлан қылғай.
Сыр шарабын ишип әзел руўҳы қанған,
Ышық бағында сейил етип жүрер болғай [5:182].

Бул қатарларда мухаббет руўҳый еркинлик ҳәм ишки ләззет пенен байланыстырылып, суўпылық ҳалының ең бийик көриниси сыпатында сүўретленген. Хожа Ахмет Яссаўий хикметлеринде ҳал категориясы да айрықша орын ийелейди.

Суўпылықта ҳал – Аллаға жақынлықтан туўылған руўҳый жағдай. Шайыр шығармаларында жылаў ҳалы (тәўбе), машақат ҳалы (риязат), ышқ ҳалы (иләҳий мухаббет) сыяқлы ҳал түрлери жүйели түрде суўретленеди. Бул ҳаллар инсанды руўҳый тазалыққа жетелейтуғын өткел сыпатында түсиндириледи. Яссаўий суўпылық тәлийматының ең маңызлы басқышларының бири – нәпси тәрбиясы. Шайыр ҳикметлеринде нәпси инсанның ең үлкен душпаны сыпатында тусиндирилип, оны бир қәлипте услаў ҳәм тазалаў кәмилликке жетиўдиң баслы шәрти деп көрсетиледи. Яссаўий дәстүринде нәпсиниң басқышлары классикалық суўпылық классификацияға уйқас түрде бериледи: нәпси әммара, ләўўама, мулхима, мутмайнә, розия, марзия ҳәм сопия. Бул басқышлар инсанның ишки руўҳый эволюциясын көрсетеди. Нәпсини тәрбиялаў жоллары Яссаўий хикметлеринде анық көрсетилген: аз тамақланыў, аз уйықлаў, ҳалал рызқы менен қанаат етиў, зикир, пикир ҳәм устазға итаат қылыў. Бул әмеллер инсанды руўҳый бир тәртипке үйретип, нәпсиниң үстинен ҳүкимран болыўға жетелейди. Бердақ шайырдың төмендеги қатарлары Яссаўий дәстүриниң кейинги түркий поэзияға тәсирин айқын көрсетеди:

Шариятдур динниң көрки,
Нәпси шайтан бермес ерки.
Өзим әмий, тилим туркий,
Жоқты араб парсым мениң [6].

Хожа Ахмет Яссаўий тәлийматы нәтийжесинде қәлиплескен «кәмил инсан» концепциясы – адам бойында ийман, әдеп-икрамлылық, мухаббет ҳәм жәмийетлик жуўапкершилик бириккен тулға үлгиси. Кәмил инсан тек өзиниң руўҳый жетилиўи менен шекленип қалмай, жәмийеттеги әдалатсызлыққа, бузақылыққа қарсы тура алатуғын инсаныйлық күшке ийе болыўы керек.

Хожа Ахмет Яссаўийдиң тасаўўип тәлийматы – инсанды руўҳый жетилиўге бағдарлайтуғын өз-ара тығыз байланысқан, көп қырлы жуйе болып табылады. Шайырдың «Дийўаный ҳикмет» шығармасы бул жуйениң илимий ҳәм әмелий қағыйдаларын поэтикалық усылда баянлап, түрки суўпылық ойдың классикалық үлгисин қәлиплестирди. Яссаўий суўпылық тәлийматы Ислам динин түрки халықлардың миллий болмысын сақлаған ҳалда қабыл етиў барысында шешиўши хызмет атқарған. Ол Қуран ҳәм ҳадис мазмунларын халыққа түсиникли түрки тилде, поэтикалық ҳәм дидактикалық формада тарқатып, руўҳый тәрбияның нәтийжели улгисин усынды. «Дийўаный ҳикмет» усы улгиниң илимий ҳәм әмелий тәреплерин өзинде бириктирген дәстурли ескерткиш болып табылады. Әсиресе мухаббет (ышқ) тийкарғы идеясы ҳәм нәпси тәрбиясы Яссаўий суўпылық философиясының тийкарғы өзеги екенлиги анықланды. Бул тийкарғы идеялар арқалы шайыр инсанның ишки дүниясын тазартыў, жүрек көзин ашыў ҳәм жәмийетлик әдеп-икрамлылықты орнықтырыў мақсетлерин гөзлеген. «…Суўфийлик илиминиң әмелий тәреплери: шариат нызамларына толық бойсыныў, намаз-руўзаңды туўеллеп, өзиңниң ықласыңды, руўҳыңды Қудаға бағыш етиў, дунья-малға, тамаққа, уйқыға болған ҳарам нәпсиңди жуўенлеў, өтирик-өсек, ғыйбат, шуғыл сөзлерге болған ықласыңды өлтирип, тилиңди тыйыў, кеўлиңди тазартып ҳадал турмыс кешириў ҳәм т. б. Усы талапларды орынласаң ғана ийман байы боласаң, кәмил инсан дәрежесине ерисесең. Буларды орынлаў аңсат ис емес, оның ушын жанды қыйнаў керек, нәпси бәлеси менен өмир бойы гуресиў керек» [7].

Илимпаз Қурбанбай Жәримбетов суўпылық илиминиң тийкарғы мақсетин – инсанның ишки дуньясын тазалаў, нәпсини тәрбиялаў ҳәм руўҳый кәмилликке жетиў екенлигин ашып айтады. Суўпылық тек ибадатлар жыйындысы емес, ол адамның минез-қулқын, ой-пикирин ҳәм күнделикли турмыс тәризин түп-тамырынан өзгертиўге қаратылған жол екенлигин көрсетеди.

«Дийўаный ҳикмет»тиң тил ҳәм поэтикалық айрықшалықлары анықланып оғуз-қыпшақ элементлери араласқан ерте түркий тил, он еки буўынлы ырғақ, жыраўлық-поэтикалық дәстүрге жақын форма шығарманың халық арасында кең тараўына ҳәм әсирлер даўамында сақланыўына себеп болған. Бул поэтикалық үлги кейинги қазақ, қарақалпақ, башқурт, ноғай жыраўлығы ҳәм түркий дәстурли әдебиятқа елеўли тәсир көрсетти. Соның менен бирге Яссаўий тәлийматының жәмийетлик қырлары да ашып көрсетилди. Кәмил инсан концепциясы арқалы шайыр жәмийеттеги әдалатсызлық, дүньяқумарлық, нәпсиге берилиў сыяқлы иллетлерге қарсы руўҳый тосқаўыл қоя алды. Яссаўий түсинигинде кәмил инсан – тек жеке руўҳый жетилген тулға ғана емес, бәлким жәмийетке пайда келтиретуғын, инсаныйлық жуўапкершилиги жоқары тулға болып табылады.

**Жуўмақ.** Улыўма алғанда, Хожа Ахмет Яссаўийдиң «Дийўаный ҳикмет» даналық китабы тасаўўиптиң илимий ҳәм әмелий тәрбиясын бириктирген универсал руўҳый энциклопедия сыпатында баҳаланады. Яссаўий тәлийматы бүгинги күнде де инсан тәрбиясы, руўҳый тазалық ҳәм жәмийетлик әдеп-икрамлылық мәселелерин изертлеўде маңызлы илимий-мәдений дерек көзи болып қала береди.

**Әдебиятлар**

1. Садий А. Ахмет Яссауи. // Инқилоб. 1922. № 2.
2. Нодирхан Ҳасан. Яссавийликка доир манбалар ва «Девону ҳикмат». – Ташкент: «Академ нашр», 2012.
3. Köprülü F. Türk edebiyatında ilk mutasavvıflar. – İstanbul: 1991.
4. Ахмет Яссаўий. Дийўаный ҳикмет. – Ташкент: 1991.
5. Ахмет Яссаўий. Ҳикметлер. – Ташкент: «Uzbek publishing», 1991.
6. Бердақ. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1982.
7. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. – Нөкис: «Билим», 1998.